

Inisyativ pou Vizite Nouvo Fanmi Lakay yo

Bon Jan Kalite Sipò tout Pandan
Gwosès ou a ak Apre!

Referal Perinatal yo

Sistèm kowòdone admisyon ak referans lan se yon zouti sou entènèt pwofesyonèl swen sante ak sèvis sosyal yo ka itilize pou refere moun ki pral paran ak nouvo paran yo nan pwogram vizit lakay yo ak sèvis kominotè. Fanmi yo ka refere tèt yo pou sèvis yo tou lè yo rele 347-396-7979, Lendi pou rive Vandredi, 9 a.m. pou rive 5 p.m.



Pou jwenn plis enfòmasyon,
sou Inisyativ NFHV, alètman
ak fason pou tibebe dòmi
san danje, ale sou
nyc.gov/health/babyhelp
oswa eskane kòd QR la.



Pou jwenn plis enfòmasyon sou
sèvis fanmi nan vil New York, ale sou
nyc.gov/health epi chèche **pregnancy**.



Inisyativ Inisyativ pou Vizite Nouvo Fanmi lakay yo (New Family Home Visits Initiative, NFHV) ofri vizit gratis nan kay travayè sante ki resevwa fòmasyon pou moun ki pral paran ak nouvo paran epi konekte yo ak sipò kominotè, sèvis ak referans.

Tout pwogram Inisyativ NFHV yo disponib pou kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon, laj oswa idantite seksyèl. Lòt kritè kalifikasyon yo diferan selon pwogram nan.



Gwosès, Akouchman ak Sipò Pospatòm

Inisyativ Doula Nan Tout Vil la (Citywide Doula Initiative, CDI) ofri sèvis doula gratis ki soti lakay pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki ap edike epi sipòte moun ki ansent ak fanmi paran yo anvan akouchman, pandan tranche ak akouchman, ak pandan premye mwa yo apre akouchman.

Pou enskri, ou dwe:

- Viv nan yon katye Gwoup Travay sou Enklizon ak Ekite Rasyal (Taskforce on Racial Inclusion and Equity, TRIE) oswa nan yon abri oswa fwaye akèy nan Vil New York
- Kalifye pou Medicaid oswa Pwogram Espesyal Nitrisyon Siplementè pou Fanm, Tibebe ak Timoun (Special Supplemental Nutrition Program for Women, Infants and Children, WIC)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou CDI ak lòt sèvis doula nan vil New York, ale sou nyc.gov/health/cdi oswa rele 844-OK-DOULA (844-653-6852), Lendi pou rive Vandredi, 9 a.m. pou rive 5 p.m.

Sipò Prenatal Bonè ak pou Leve Timoun

NYC Nurse-Family Partnership (NFP) ofri vizit gratis enfimyè nan kay pou fanmi ki gen moun ki ansent pou premye fwa epi ki gen revni ki ba.

Fanmi ki kalifye yo rankontre regilyèman ak yon enfimyè pèsonèl pou pale sou gwo sès, fason pou leve yon timoun, epi sante ak devlopman timoun nan. Yo ka jwenn èd tou ak asirans sante, swen sante mantal, epi reyalize objektif pèsonèl tankou edikasyon oswa ladrès travay. Pwogram nan kòmanse pandan gwosès la epi li ka kontinye jiska 2 lane apre akouchman.

NYC NFP disponib pou nenpòt moun ki nan Vil New York ki:

- Pa gen pi plis pase 28 semèn ansent premye tibebe yo.
- Kalifye pou Medicaid oswa WIC

Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou enskri, pale ak pwofesyonèl swen sante w la, voye yon imèl nan nycnfp@health.nyc.gov oswa rele **311** epi mande pou **Nurse-Family Partnership**.



Sipò pou Leve Timoun ak Sipò Bonè pou Pospatòm

Pwogram pou Vizite Tibebe ki Fenk Fèt Lakay yo (Newborn Home Visiting Program, NHVP) sipòte fanmi ki gen yon tibebe ki gen jiska 3 mwa pandan li konekte yo ak yon travayè sante kominotè, enfimyè, travayè sosyal oswa konseye ki sètifye nan zafè bay Lèt. Domèn w ap jwenn sipò yo se devlopman tibebe, adaptasyon nan kesyon vin paran, sipò alètman, distribisyon bèso ak lòt atik esansyèl, ak edikasyon sou sante ak tès depistaj.

NHVP disponib pou:

- Moun ki paran pou premye fwa ki gen yon tibebe ki gen jiska 3 mwa ki abite nan sèten katye TRIE
- Tout fanmi, kèlkeswa kantite timoun yo genyen, ki gen yon tibebe ki gen jiska 3 mwa epi ki abite NYCHA nan yon katye TRIE, ki angaje ak Administrasyon Sèvis Timoun oswa k ap viv nan yon abri Depatman Sèvis pou Sanzabri



Pou wè lis katye TRIE yo epi verifye si w kalifye, ale sou nyc.gov/health epi chèche **newborn home visiting program**.